

BAB III


METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan bisa mangrupa sumber pustaka. Saperti dokumén, buku atawa sumber tinulis séjén. Dina ieu panalungtikan sumber data nu baris ditalungtik nya éta *video* pagelaran wayang golek Giriharja 3 lalakon *Dorna Gugur*. Sumber data ieu bisa ditalungtik ajén atikanna ku cara ditransliterasi kana naskah nu engké na bisa nuduhkeun kalimah-kalimah dina gunem caturna wayang nu bisa kasup kana ajén atikan éta sorangan.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain ieu panalungtikan ngawengku: 1) ngumpulkeun data; 2) transliterasi vidéo; 3) nangtukeun struktur carita wayang; 4) nangtukeun ajén atikan; 5) nganalisis; 6) nyieun kacindekan; jeung 7) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntre desain panalungtikan digambar dina bagan.



Bagan 3.1

Teddy Abdillah, 2014

Ajén atikan dina carita wayang golék lalakon dorna gugur giriharja 3 pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 1998, kc. 151). Sapamadegan jeung Sugiyono (2013, kc. 2) méthode panalungtikan nya éta *cara ilmiah* pikeun ngumpulkeun data miboga udagan nu tangtu. Ieu panalungtikan kaasup kana metode panalungtikan kualitatif sabab dina panalungtikanna teu ngagunakeun eksperimen. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *deskriptif analitik*.

Panalungtikan ngagunakeun méthode deskriptif ieu miboga tujuan sangkan ngadeskripsikeun ajén atikan dina carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3 sangkan meunangkeun gambaran yén dina carita wayang éta miboga ajén atikan anu alus.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksud, tujuan sarta udaganna, ogé teu nimbulkeun rupa-rupa tapsiran, di handap baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- 1) Analisis Ajén Atikan nya éta analisis ngeunaan ajén inajén hiji karya hususna dina carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3;
- 2) Carita Wayang nya éta carita anu dilakonkeun dina hiji pagelaran wayang, lalakon dina carita wayang golék biasana nyadur dina carita *Mahabarata* jeung *Ramayana*;
- 3) Lalakon *Dorna Gugur* nya éta salasahiji carita wayang anu di gelarkeun ku dalang Asep Sunandar Sunarya Giriharja 3 mangrupa bagian tina carita *Mahabarata*;
- 4) Giriharja mangrupa sanggar seni pawayangan nu aya di Jelekong, Balééndah, Kabupatén Bandung (Suryana, 2002, kc. 79). Dalang Giriharja 1 nya éta

Teddy Abdillah, 2014

Ajén atikan dina carita wayang golék lalakon dorna gugur giriharja 3 pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Abah Sunarya, dalang Giriharja 2 nya éta Dédé Amung (Lanceukna Asép Sunandar Sunarya), sedengkeun dalang Giriharja 3 nya éta Asép Sunandar Sunarya;

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi data anu geus ditarima. Instrumén panalungtikan dina panalungtikan kualitatif mangrupa alat pikeun ngolah data anu geus dipiboga. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tabél penggolongan ajén atikan anu geus dianalisis.

Tabél 3.1

Format Penggolongan Ajén Atikan dina Carita Wayang Lalakon *Dorna Gugur*
Giriharja 3

No.	Ajén Atikan	Indikator		Jenis Ajén Atikan	Hubungan (H/V)
		Hadé (+)	Goréng (-)		

Keterangan :

- + : Sikep saluyu jeung norma/ hadé/ positif
- : Sikep nu teu saluyu jeung norma/ goréng/ negatif
- H : Horizontal (hubungan jeung Gusti Alloh)
- V : Vertikal (hubungan jeung papada mahluk)

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik asal kecapna tina basa Yunani *tekhnikos* nu hartina alat atawa seni ngagunakeun alat. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta :

Teddy Abdillah, 2014

Ajén atikan dina carita wayang golék lalakon dorna gugur giriharja 3 pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a. Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka nya éta téhnik nu digunakeun dina néangan sarta nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganna jeung bahan panalungtikan. Maksudna niténan atawa mutalaah kana sajumlahing sumber pustaka, hasil panalungtikan atawa buku-buku anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan panalungtikan jeung hal-hal séjénna anu patali jeung ieu panalungtikan.

b. Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina proses panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah atawa nguji hipotesis anu geus dirumuskeun dina proposal (Sugiyono, 2013 kc. 243). Nganalisis bahan atawa data anu geus dikumpulkeun, sarta diteuleuman nepi ka kapanggih kumaha déskripsi, eusi, jeung ajén atikan nu nyangkaruk dina carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh, katitén saperti di handap.

- 1) Lalajo *vidéo* pagelaran wayang golék Giriharja 3 lalakon *Dorna Gugur*;
- 2) Nyieun transkripsi tina *video* pagelaran wayang golék Giriharja 3 lalakon *Dorna Gugur*;
- 3) Maca literatur-literatur ngeunaan wayang, pagelaran wayang, jeung tiori pawayangan, pikeun meunangkeun dasar-dasar tiori nu aya hubunganana jeung panalungtikan.

3.6.2 Tehnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih (diketik), tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis, milah-milah data nu geus dikumpulkeun;

- 3) Nganalisis struktur carita wayang golék lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3;
- 4) Nganalisis data nu nuduhkeun ajén moral nu nyangkaruk dina carita wayang;
- 5) Nganalisis data nu nuduhkeun ajén sosial nu nyangkaruk dina carita wayang;
- 6) Nganalisis data nu nuduhkeun ajén agama nu nyangkaruk dina carita wayang.